



LIS VERIFIKASYON POU PREPARASYON POU KATASTWÒF



**PLAN
PREPARE
PROTECT**
Are You Disaster Ready?

Preparasyon an enpòtan
anpil lè gen menas yon
tanpèt twopikal, siklòn
oswa lòt katastwòf.

FLORIDA'S INSURANCE CONSUMER
ADVOCATE
FLORIDA DEPARTMENT OF FINANCIAL SERVICES

Tasha Carter

Evite Magouy Asirans

Veye magouyè k ap ofri pou vann oswa ogmante pwoteksyon asirans ou an pandan yon siklòn ap pwoche oswa pandan yon siklòn. Lè National Weather Service bay yon alèt oswa avètisman siklòn oswa tanpèt twopikal pou nenpòt pati nan Florida, anpil konpayi asirans sispann kouvri nouvo pwopriyetè yo oswa nouvo lokatè yo oubyen lòt pwopriyetè oswa lokatè yo. Lè sa rive, ou pa kapab achte pwoteksyon asirans lan jiska 72 èdtan apre yo fin leve dènye alèt la oswa avètisman an. Sa kapab lakoz reta tou nan fèmti yo prevwa nan sektè imobilye a.



Rapòte fwod asirans nan Liy
Dirèk Depatman Fwod nan
1-800-378-0445

Abitye tèt ou ak taktik eskwokri yo itilize souvan apre tanpèt, san wete fwod asirans kontraktè. Lè w okouran de siy danje eskwo yo itilize sa ka ede evite ou vin yon viktim fwod. Pou aprann plis sou fwod kontraktè, san wete siy danje yo pou konnen ak konsèy itil pou konsomatè yo, konsilte dokiman Demolish Contractor Fraud: Etap pou Evite Vin yon Viktim sou Entènèt nan www.MyFloridaCFO.com/Division/ICA/Demolish.

**DEMOLISH CONTRACTOR
FRAUD**
STEPS TO AVOID FALLING VICTIM

Youn nan aspè nan preparasyon moun souvan pa okipe se preparasyon nan sa ki gen pou wè ak lajan epi asirans.

Pi ba a gen yon lis verifikasyon ki pou ede ou prepare lajan ou ak asirans ou lè gen yon katastwòf.



Fè Yon Lis Konplè Bagay ki Lakay Ou

Asire w mete resi yo, foto yo, videyo yo, dat acha yo ak nimewo seri yo. Kenbe kopí lis konplè a ak kontra asirans ou yo yon kote ki an sekirite tankou yon bwat dlo pa ka antre epi dife pa ka pran ladan.



Familyarize Ou Avèk Kontra Asirans Ou Yo

Verifye kontra asirans pwopriyetè kay ou, kontra asirans lokatè ou, kontra asirans machin ak lòt kontra asirans yo pou w asire ou konprann pwoteksyon w lan. Verifye **zouti asirans pwopriyetè kay, machin ak lokatè** sou paj wèb Gid pou Konsomatè Divizyon Sèvis Konsomatè nan Depatman Sèvis Finansye nan www.MyFloridaCFO.com/Division/Consumers.



Pwoteje Pwopriyete Ou

Lè gen yon menas siklòn, pran mezi pou w pwoteje pwopriyete w la. Achte materyèl ou bezwen yo pou w sekirize pwopriyete w la epi minimize pèt yo. Kouvri fenèt ou yo avèk batan, jalouzi oswa playwoud. Deplase machin ki nan remiz oswa pakin kouvri yo lè sa posib. Ou ta dwe deplase gri ak/oswa mèb galri yo mete yo anndan.



Rafrechi Konesans Ou Sou Dediktib Florida pou Siklòn

Asire ou konnen kisa dediktib ou ye pou pèt ou fè nan siklòn ak kilè li aplikab. Pifò kontra asirans yo gen yon dediktib pou siklòn ki se 2 rive 5 poustan valè asirans yon kay. Se ou ki pral peye dediktib pou siklòn lan. Verifye Gid **Dediktib pou Siklòn Depatman an** pou w jwenn plis enfòmasyon.



Ajistè Piblik kont Ajistè Konpayi

Konnen diferans ki genyen ant yon Ajistè Piblik ak yon Ajistè Konpayi.

Apre yon katastwòf, yon Ajistè Piblik ka kontakte ou pou ede w depoze yon reklamasyon asirans epi reprezante enterè asirans ou yo bòkote asirans konpayi w la. Ajistè Piblik yo travay dirèkteman pou ou epi mande yon frè an fonksyon pou santaj peman reklamasyon an. Yo pral mande ou pou w siyen yon kontra. Asire w kontra a gen ladan li tout enfòmasyon ki obligatwa yo.

Ajistè Konpayi yo travay pou konpayi asirans lan epi yo detèmine montan domaj nan pwopriyete a epi sa kontra w la ap kouvari. Ajistè Konpayi yo pa mande yon frè. Ajistè Konpayi yo ak Ajistè Piblik yo dwe gen lisans eta a nan men yo epi yo ta dwe anmezi pou yo montre yon kopi lisans yo a.

Si ou gen kesyon konsènan lisans yon ajistè oswa kontra a, kontakte **Liy Èd Konsomatè Asirans Depatman an** nan **1.877.693.5236**.



Prepare Ou Pou Yon Katastwòf Sou Plan Finansye

Itilize Zouti **Preparasyon pou Ijans Finansye Depatman an** pou w anrejistre kont ou yo avèk enstitisyon finansye yo; ak enfòmasyon pou pran kontak ak konpayi epi ajan asirans lan. Asire w mete nimewo telefòn konpayi asirans ou an pou siyale reklamasyon yo, ki ka diferan ak enfòmasyon pou pran kontak ak ajan w lan. Ou ka anrejistre tou komunikasyon avèk reprezantan konpayi yo epi moun ki fè reparasyon yo. Kenbe enfòmasyon sa yo yon kote ki an sekirite epi asire ou gen aksè nan yo si yo fòse ou evakye kay ou.



Fè Rechèch sou Konpayi Reparasyon yo ak Antreprenè yo

Si kay ou an sibi domaj oswa dlo anvayi li, kontakte konpayi asirans ou an anvan. Konpayi w la ka mande w pou itilize vandè li pi pito yo konpayi a asire travay yo. Si konpayi w la pa gen yon lis vandè li pi pito, li pral itil pou ou genyen kèk konpayi reparasyon/antreprenè ki gen repitasyon nan tèt ou. Asire w konpayi sa yo gen lisans epi yo gen bonjan pwoteksyon asirans.

Pou w verifye pwoteksyon asirans yon konpayi, ale sou Sitwèb Divizyon Konpansasyon Travayè nan Depatman Sèvis Finansye nan www.MyFloridaCFO.com/Division/WC.

Pou w verifye lisans yon antreprenè, ale sou Sitwèb Depatman Kontwòl Biznis ak Pwofesyonèl Florida a nan www.MyFloridaLicense.com.



Are You Disaster Ready?

Pou w jwenn èd pou konprann kontra asirans ou an ak dispozisyon yo, kontakte **Liy Èd pou Konsomatè Asirans** Divizyon Sèvis Konsomatè nan Depatman Sèvis Finansye a:

1-877-MY-FL-CFO (693-5236)



Pou w jwenn plis enfòmasyon sou preparasyon pou katastwòf, tanpri ale sou sitwèb **Medyatè Konsomatè Asirans** la:

www.MyFloridaCFO.com/Division/ICA

850.413.5923

@YourFLVoice

YourFLVoice@MyFloridaCFO.com

FLORIDA'S INSURANCE CONSUMER
ADVOCATE
FLORIDA DEPARTMENT OF FINANCIAL SERVICES

Tasha Carter